# AYMAQLARDA INJENERLIK-KOMMUNIKACIYA INFRASTRUKTURASÍN BUNNAN BÍLAY DA RAWAJLANDÍRÍW ILAJLARÍ HAQQÍNDA

Image not found or type unknown

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Qararı

Arnawlı ekonomikalıq zonalar hám kishi sanaat zonalarınıń injenerlik-kommunikaciya infrastrukturasın bunnan bılay da rawajlandırıw, tikkeley investiciyalar qatnasındaǵı iri óndiris joybarları ushın infrastruktura jaratıwda isbilermenlik subektlerin qollap-quwatlaw, aymaqlardı social-ekonomikalıq rawajlandırıw, sonday-aq, 2017-2021-jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes tiykarǵı baǵdarı boyınsha Háreketler strategiyasında belgilengen wazıypalardı izbe-iz ámelge asırıw maqsetinde:
1.1. 2021-jılda arnawlı ekonomikalıq hám kishi sanaat zonaları, aymaqlardı sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıwǵa túrtki beretuǵın joybarlar hám de tikkeley sırt el hám jergilikli investiciyalar qatnasındaǵı iri óndiris joybarları ushın sırtqı injenerlik-kommunikaciya tarmaqların qurıw ilajlarına Ózbekstan Respublikasınıń sociallıq hám óndirislik infrastrukturasın rawajlandırıw baǵdarlaması sheńberinde 1 trillion sumnázerde tutılǵanlıǵı maǵlıwmat ushın qabıl etilsin.
2.2. Belgilep qoyılsın:
a) arnawlı ekonomikalıq hám kishi sanaat zonaları hám de tikkeley  sırt el hám jergilikli investiciyalar qatnasındaǵı iri óndiris joybarlarınıń sırtqı injenerlik-kommunikaciya tarmaqların qurıw ilajları:
ishimlik suwı, aqaba suw tarmaqların hám de avtomobil jolların qurıw, rekonstrukciyalaw hám ońlaw jumısları boyınsha ¬ Mámleketlik byudjet qarjıları;
elektr energiyası hám tábiyiy gaz tarmaqların qurıw, rekonstrukciyalaw hám ońlaw jumısları boyınsha ¬ tiyislisinshe támiynatshı kárxanalar tárepinen tastıyıqlanǵan joybar-smeta hújjetlerine muwapıq támiynatshı kárxanalarǵa haqıyqatta ámelge asırılǵan qárejetler respublika byudjeti qarjıları esabınan 5 procent stavkada úsh jıl múddette qaytarıw shárti menen ajıratılatuǵın byudjet ssudası qarjıları;
baylanıs tarmaqların qurıw, rekonstrukciya etiw hám ońlaw isleri boyınsha ¬ támiynatshı kárxanalar tárepinen tastıyıqlanǵan joybar-smeta hújjetlerine muwapıq támiynatshı kárxanalardıń hám de isbilermenlik subektleriniń óz qarjıları;

b) aymaqlardı sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıwǵa túrtki beretuǵın joybarlar hám ilajlardıń injenerlik-kommunikaciya tarmaqların qurıw (ońlaw) isleri boyınsha ¬ Mámleketlik byudjet qarjıları esabınan qaplanadı.
3.3. Sonday tártip ornatılsın, oǵan muwapıq:
byudjet ssudasi qarjıları elektr energiyası tarmaqların qurıw, rekonstrukciyalaw hám ońlaw jumısları ushın «Aymaqlıq elektr tarmaqları» AJne hám de tábiyǵıy gaz tarmaqların qurıw, rekonstrukciyalaw hám ońlaw jumısları ushın «Hududgaztámiynat» AJne ajıratıladı;
arnawlı ekonomikalıq zonalar hám kishi sanaat zonaları hám de tikkeley sırt el hám jergilikli investiciyalar qatnasındaǵı iri óndiris joybarlarınıń avtomobil jolların qurıw, rekonstrukciyalaw hám ońlaw jumısları Qaraqalpaqstan Respublikası Qarjı ministrligi, wálayatlar hám Tashkent qalası qarjı bas basqarmaları janındaǵı avtomobil jollarıń rawajlandırıw qorları esabınan ámelge asırıladı.
4.4. Ministrler Kabineti:
eki hápte múddette 2021-2022-jıllarda arnawlı ekonomikalıq zonalardı hám kishi sanaat zonaların sırtqı injenerlik-kommunikaciya tarmaqları menen támiyinlewge baylanıslı is-ilajlardıń mánzilli dizimlerin;
2021-jıl 1-aprelge shekem tikkeley investiciyalar tartılıwın xoshametlew maqsetinde bahası 250 milliard sum muǵdardan asatuǵın sırt elli hám jergilikli investorlardıń investiciya joybarları sırtqı infrastrukturanı jaratıw qárejetleriniń bir bólimin mámleket tárepinen qaplap beriw tártibi haqqındaǵı rejeni tastıyıqlasın.
5.5. Arnawlı ekonomikalıq hám kishi sanaat zonaları, aymaqlardı sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıwǵa túrtki beretuǵın joybarlar hám de tikkeley sırt el hám jergilikli investiciyalar qatnasındaǵı iri óndiris joybarların sırtqı injenerlik-kommunikaciya infrastrukturası menen támiyinlewge mámleket byudjetinen qarjılar ajıratılıwınıń maqsetke muwapıqlıǵın anıqlaw boyınsha arnawlı komissiyaqosımshaǵa muwapıq quramda shólkemlestirilsin.
6.6. Arnawlı komissiya (T.A.Ishmetov):
hár ay juwmaǵı menen orınlardaǵı arnawlı ekonomikalıq zonalar hám kishi sanaat zonalarınıń sırtqı injenerlik-kommunikaciya infrastrukturası menen támiyinlengenligi jaǵdayın sın kózqarastan úyrenip shıǵılıwın;
Mámleketlik byudjetten, sonıń ishinde, byudjet ssudasi esabınan sırtqı injenerlik-kommunikaciya infrastrukturası menen táminyinlew boyınsha usınıs etilgen usınıslardı kórip shıǵıw hám tiyisli juwmaq beriwdi;
sırtqı injenerlik-kommunikaciya infrastrukturası menen támiyinlewde qarjılandırıw dereklerine anıqlıq kirgizip barıwdı hám de arnawlı ekonomikalıq zonalar hám kishi sanaat zonaların sırtqı injenerlik-kommunikaciya infrastrukturası menen támiyinlew ushın ajıratılatuǵın qarjılardıń eń optimal baǵdarın belgilewdi;
sırtqı injenerlik-kommunikaciya infrastrukturasın jaratıw menen baylanıslı ilajlarǵa Mámleketlik byudjetten ajıratılıp atırǵan qarjılardıń nátiyjeliligin támiyinlesin.

Arnawlı komissiyanıń jumısshı uyımı etip Ekonomikalıq rawajlanıw hám kámbaǵallıqtı qısqartıw ministrligi belgilensin.
7.7. Ekonomikalıq rawajlanıw hám kámbaǵallıqtı qısqartırıw ministrligi Qarjı ministrligi menen birgelikte 2021-jıldan baslap, hár jılı Mámleketlik byudjettiń tiykarǵı parametrlerin qáliplestiriwde arnawlı ekonomikalıq zonalar hám kishi sanaat zonaları, aymaqlardı sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıwga túrtki beretuǵın joybarlar hám de tikkeley sırt el hám jergilikli investiciyalar qatnasındaǵı iri óndiris joybarların sırtqı injenerlik-kommunikaciya infrastrukturası menen támiyinlew jumısları ushın ajıratılatuǵın Mámleketlik byudjet qarjıların Ózbekstan Respublikasınıń sociallıq hám óndiris infrastrukturasın rawajlandırıw baǵdarlamaları sheńberinde ajıratılıwın kózde tutsın.
8.8. Esap palatası Qarjı ministrligi menen birgelikte arnawlı ekonomikalıq zonalar hám kishi sanaat zonaları, aymaqlardı sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıwǵa túrtki beretuǵın joybarlar hám de tikkeley sırt el hám jergilikli investiciyalar qatnasındaǵı iri óndirislik joybarlardı injenerlik-kommunikaciya infrastrukturası menen támiyinlew jumıslarına ajıratılǵan qarjılardıń maqsetli hám nátiyjeli paydalanılıw ústinen qatań qadaǵalaw ornatsın.
9.9. Usı qarardıń orınlanıwın qadaǵalaw Bas ministrdiń orınbasarları J.A.Qwchqorov hám S.U.Umurzakovqa júklensin.

Ózbekstan Respublikası
Prezidenti Sh.MIRZIYOEV.
Tashkent qalası,
2020-jıl, 18-dekabr.